ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№166 (21.824) ● 2010 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 8, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Кавказым ис лъэпкъхэм фIыр ящыгъупщэркъым

● Хъуэхъухэр

Къабэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и кIуэдыкIым етIуанэ пIалъхьIэ зэрагъэувыжам теухуа хъуэхъухэр Къанокъуэ Арсен иджыри кIыIэрохь.

КъБР-м и Президентым и **www.president-kbr.ru** сайтым Москва щыщ Окуев Тамерлан кIэтхаг: «Уэ республикэм и пашэу ущыувам абы мелард бжыгъэ хъу щыхъэхэр, экономикэ, финанс гугъуехьхэм хэту, нэхь тэмэму жыпIэмэ, бюджетым и процент 70-р дотацэу кIрату, мэкъумэш хозяйствэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ я Iуэхур мыщIагъуэу, промышленностым зимыужьауэ щытащ. Республикэр кIыхьэфIэбгъэуэвэжыну уэзэрыущIэкъуам екъуIэнжьгъэ ягъэ. Щэч кIыхьеуэ зыгъэгъуэгурыкIуам. Щэч кIыхьеуэ зыгъэгъуэгурыкIуам, Къабэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм я гугъуехьхэм зэрыгъэгъуэгурыкIуам, Щэч кIыхьеуэ з

Адыгэ хьэмэрэ шэрджэс

●Iуэху еплъыкIэ

Урысей Федерацэм щыпсэу цIыхухэр кьыщыхатхыкIыну лъэхьэнэм ирихьлIбу, шэрджэс лъэпкъ зэгухьэныгъэ зыбжанэм цIыхухэр кьыхуражаш адыгэ лъэпкъым щыщ псомэ урысыбзэкIэ «черкес»-у (шэрджэсу) зрагъэтхыу, а фIэщыгъэщIэр псоми зэдаят ящыныр, апхуэдэ щыкIэкIэ лъэпкъыр зэрагъэ убыдыжьи я гупъэ у. Абыхьм кьыхальхьэ Къэбэрдей-Балькъэрым, Адыгейм, Краснодар крайм, нэгъуэщI щыпIэхэмэ щыпсэу адыгэ цIыхухэр кьыщыкатхыкIкIэ зыщыщ лъэпкъыр шэрджэсу ирагъэ тхыну А Iуэхур къэзыIэтыну нужь итхэм зэрыжаIэщи, лъэпкъыгъуищыр - адыгейхэр, шэрджэсхэр, къэбэрдейхэр - 1920 гъэхэм гъэпцIагъэкIэ совет властым зэкъуначэ зы лъэпкъщ, нобэ зэрахьэ фIэщыгъэщIэхэм аэр зыщыщыр кьагъэльагъэркъым. Абы кьыдэгъэ уэгурыкIуэр, шэрджэс фIэщыгъэщIэр лъэпкъым кьегъэщтэжыным хущIэкъуахэр, СМИ-м мызэ-мытIэу кьызэрыщыжаращи, нужь итщ У ФФ-м хьихьэ щыналъэ Шэрджэс Республикэ кьызэрэпэщыным. Ар 2008 - 2010 гъэхэм эзкъым кьызэрыщыIуар Къэрэшей-Шэрджэсым щекIуэкIа адыгэ зэхуэсхэм, ауэ абыхьм кьыщащта резолюцэм зэи хэхуакъым.

А Iуэхуэм зэрыхущытыр кьихутэн мурадкIэ, «REGNUM Новости» хьыбарегъащIэ Iэнатlэм утщIэ зыбжанэкIэ зыхуигъэзат адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщI зыбжанэм. Тыдодзэ абых эм я жэуапхэр, ди псалъэ щIыдмыгъуэжу.

Сохьутэ Аскэр, Краснодар щыналъэм и «Адыгэ Хасэ» шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ:

- Лъэпкъым «шэрджэс» фIэщыгъэщIэ эзэдир зэригъэпэщыжьыну иужь зэритыр политикэ проект гуэр гъэзэщIэным зыкIи пыщIакъым. Ар есым и бзэкIэ дэнэ щыпIи «адыгэ»-кIэ зэджэж лъэпкыр зыуэ зэрыщытым и щыхьэту аркъ удешц. Урысей Федерацэм хьихьэ шэрджэс субъект кьызэгъэпэщыныр - ар иужь уихьэмэ, пхуэгъэзэщIэну щхьэкIэ, апхуэдизкIэ Iуэху гугъуищи, зыри зэмылIэжь проектщ. А гупсысэм сыхуэпшэ абы Адыгеймэ, Къэбэрдей-Балькъэрми зыри зэрыщытемыпсэлъыхьым.

Хьэфыщэ Мухьэмэд, Къэбэрдей-Балькъэрым и Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI:

- Урысейм щыпсэу цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ, къэбэрдейхэм, адыгейхэм, шапсыгъхэм щэрджэсу зрагъэтхыным сэ срителъхьэкъым. Ар кьыщхьэщокI Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Адыгэ Республикэ фIэщыгъэщIэхэм, атIэ ахэр кьызытехьукIыжар а республикэхэр кьызэзыгъэпэщу а щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я фIэщыгъэщIэрац. Лъэпкъэм зэрэкъэухьэжьэ, республикэхэм яйри хьухъэпкъыщ.

Аращ кьыщIэсльытэр жэпуэгъуэм екIу экIыну кьыхэтхыкIынигъэхэм Iэмал нэхъ вэгъэгъэ хуекIуэн хуейуэ: **къэбэрдей** (шэрджэс), **адыгей** (шэрджэс), **шапсыгъ** (шэрджэс) - мис апхуэдэу зебгъэтх хьунущ, зыуэ щыт фIэщыгъэщIэр кьагъэльагъэ уэу.

«Шэрджэс» фIэщыгъэщIэм и закъуэ адыгэ псоми цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ кьагъэлъэгъуэн хуейуэ кьэзыгъэувхэм ар «шэрджэс» эи фIэщыгъэщIэ зы щIыналъэ псоми зэгуэгъэхьэным зэрыщIэбэн Iэмалу жыхуаIэр пэжу кьыщIэкIынкIи хьунщ, ауэ абы кьалытэркъым иджырей Урысей законодательствэм ипкъ иткIэ, регионхэр зэгухьэну фIэкIа зэгуэкIыну зэрых уимытыр. АтIэ, зи гугъу тщIы Iуэхуэр кьэхьеймэ, Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балькъэрми зэгуэкIын щIадзэнущ.

КIэрмыт Мухьэдин, Адыгейм и парламентым (Къэрал Совет -Хасэм) и депутат

- Къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм, адыгейхэм, шапсыгъхэм зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягъэбелджыльн зэрыхуейм и мурадыр щIапIэ нэщI кьыщыунэхуа Iуэхуэгъуэкъым. Ауэ абы лъабжьэ иIэн папщIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием зыхуигъэзащ лъэпкъым щIэныгъэр и лъабжьэ зы фIэщыгъэщIэ етыным теухуауэ. Зэчэнджэщ нэужь, ШУА-м жэуап кьитыжащ: этноним, лъэпкъым и фIэщыгъэщIэу «черкес» псальэр кьагъэсэбэпмэ нэхъыфIу. Ар псори зыщыгъуазэ, Урысейм и мызакъуэ зу, хамэ къэралхэми кьыщащIыху псальэщ. Си щхьэкIэ срителъхьэщ адыгэхэм я лъэпкъ фIэщыгъэщIэр абы тету яубзыхуныкIэ. Ауэ щыщ «шэрджэс» зыфIэзыщыжьыну хуэмейхэри, псальэм папщIэ, хьэкIуцухэр - ар шапсыгъхэм щыщ лIакъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дызытепсэльыхьыр щхьэж зэрегуакIуэу илэжьын хуей Iуэхущ, ау я апхуэдэ зи ДАХ-м захуегъаз зыщыщ лъэпкъым псоми зэдай лъэпкъ фIэщыгъэщIэри щIагъуну, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу: «шапсыгъ-шэрджэс», «бжьэдыгъу-шэрджэс», «адыгэ-шэрджэс».

- **Сэфбицокъуэ Ильяс, Адыгейм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт:**

- Зэпуэгъуэм Урысейм щыпсэу цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ, «шэрджэс» псальэр къэбэрдей (шэрджэс), **адыгей** (шэрджэс), **шапсыгъ** (шэрджэс) - мис апхуэдэу зебгъэтх хьунущ, зыуэ щыт фIэщыгъэщIэр кьагъэльагъ уэу.

«Шэрджэс» фIэщыгъэщIэм и закъуэ адыгэ псоми цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ кьагъэлъэгъуэн хуейуэ кьэзыгъэувхэм ар «шэрджэс» эи фIэщыгъэщIэ зы щIыналъэ псоми зэгуэгъэхьэным зэрыщIэбэн Iэмалу жыхуаIэр пэжу кьыщIэкIынкIи хьунщ, ауэ абы кьалытэркъым иджырей Урысей законодательствэм ипкъ иткIэ, регионхэр зэгухьэну фIэкIа зэгуэкIыну зэрых уимытыр. АтIэ, зи гугъу тщIы Iуэхуэр кьэхьеймэ, Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балькъэрми зэгуэкIын щIадзэнущ.

КIэрмыт Мухьэдин, Адыгейм и парламентым (Къэрал Совет -Хасэм) и депутат

- Къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм, адыгейхэм, шапсыгъхэм зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягъэбелджыльн зэрыхуейм и мурадыр щIапIэ нэщI кьыщыунэхуа Iуэхуэгъуэкъым. Ауэ абы лъабжьэ иIэн папщIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием зыхуигъэзащ лъэпкъым щIэныгъэр и лъабжьэ зы фIэщыгъэщIэ етыным теухуауэ. Зэчэнджэщ нэужь, ШУА-м жэуап кьитыжащ: этноним, лъэпкъым и фIэщыгъэщIэу «черкес» псальэр кьагъэсэбэпмэ нэхъыфIу. Ар псори зыщыгъуазэ, Урысейм и мызакъуэ зу, хамэ къэралхэми кьыщащIыху псальэщ. Си щхьэкIэ срителъхьэщ адыгэхэм я лъэпкъ фIэщыгъэщIэр абы тету яубзыхуныкIэ. Ауэ щыщ «шэрджэс» зыфIэзыщыжьыну хуэмейхэри, псальэм папщIэ, хьэкIуцухэр - ар шапсыгъхэм щыщ лIакъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, дызытепсэльыхьыр щхьэж зэрегуакIуэу илэжьын хуей Iуэхущ, ау я апхуэдэ зи ДАХ-м захуегъаз зыщыщ лъэпкъым псоми зэдай лъэпкъ фIэщыгъэщIэри щIагъуну, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэу: «шапсыгъ-шэрджэс», «бжьэдыгъу-шэрджэс», «адыгэ-шэрджэс».

- **Сэфбицокъуэ Ильяс, Адыгейм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт:**

- Зэпуэгъуэм Урысейм щыпсэу цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ, «шэрджэс» псальэр къэбэрдей (шэрджэс), **адыгей** (шэрджэс), **шапсыгъ** (шэрджэс) - мис апхуэдэу зебгъэтх хьунущ, зыуэ щыт фIэщыгъэщIэр кьагъэльагъ уэу.

«Шэрджэс» фIэщыгъэщIэм и закъуэ адыгэ псоми цIыхухэр кьыщыхатхыкIкIэ кьагъэлъэгъуэн хуейуэ кьэзыгъэувхэм ар «шэрджэс» эи фIэщыгъэщIэ зы щIыналъэ псоми зэгуэгъэхьэным зэрыщIэбэн Iэмалу жыхуаIэр пэжу кьыщIэкIынкIи хьунщ, ауэ абы кьалытэркъым иджырей Урысей законодательствэм ипкъ иткIэ, регионхэр зэгухьэну фIэкIа зэгуэкIыну зэрых уимытыр. АтIэ, зи гугъу тщIы Iуэхуэр кьэхьеймэ, Къэрэшей-Шэрджэсми, Къэбэрдей-Балькъэрми зэгуэкIын щIадзэнущ.

КIэрмыт Мухьэдин, Адыгейм и парламентым (Къэрал Совет -Хасэм) и депутат

- Къэбэрдейхэм, шэрджэсхэм, адыгейхэм, шапсыгъхэм зы лъэпкъыу зэрыщытыр ягъэбелджыльн зэрыхуейм и мурадыр щIапIэ нэщI кьыщыунэхуа Iуэхуэгъуэкъым. Ауэ абы лъабжьэ иIэн папщIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием зыхуигъэзащ лъэпкъым щIэныгъэр и лъабжьэ зы фIэщыгъэщIэ етыным теухуауэ. Зэчэнджэщ нэужь, ШУА-м жэуап кьитыжащ: этноним, лъэпкъым и фIэщыгъэщIэу «черкес» псальэр кьагъэсэбэпмэ нэхъыфIу. Ар псори зыщыгъуазэ, Урысейм и мызакъуэ зу, хамэ къэралхэми кьыщащIыху псальэщ. Си щхьэкIэ срителъхьэщ адыгэхэм я лъэпкъ фIэщыгъэщIэр

АIыжь губзыгъэ

ТхакIуэм и гукъэкIыжхэр

ДИ ХЬЭБЛЭ лIыжь хьарзынэ дэсащ динри ищIэрэ щIэныгъи бгъэдэлъу.

Мыр кьэзгупсыса хуэдэу кьыфщымыхъун папщIэ, нэхъ гъунэгъуу фэзгъэщIыхунщ а лIыжьыр. Адыгэ генерал Нэхущ Борисрэ щIэныгъэлI щIэрыIуэ, академик Нэхущ Iэдэмрэ я адэ Нэхущ Мэремрэ ар.

Зи псэукIэкIи дуней тетыкIэкIи Зеикьуэм щапхъэу щагъэльагъуэхэм ящыщт Мэрем и унагъуэр. Абыхэмрэ дрэ дызыкьэблэт дызэгъунэгъуэт. Мэрем нэхъыкьыгъуэр ейуэ, си адэмрэ абырэ зэныбжь жьгъут.

Мэрем кьуэ нэхъыжь иIащ Iэбу и цIэу. Ар зау эм хэкIуэдащ. Кьуажэм щыщу япэ щIэныгъэ зыгъуэтахэм ящыщт ар. Сэ абы зауэм и пэкIэ школым адыгэбзэ сыщригъэджат. Иужькlэ, сэри егъэджакlуэ сыхьауащ, 1952 - 1954 гъэхэм Мэрем и кьуэ нэхъыщIэ Iэдэм адыгэбзэмкIэ Зеикьуэ курыт школым щезгъэджащ.

АтIэ, иджы зи хьыбар кьезгъэжьа Мэрем сыщыцIыкIум дэслъагъуар фхуэсIуэтэжьынщ. Кьыщыхъуари нэмыцэхэр кьуажэм щыдахужа 1943 гъэм и гъэмахуэрщ, сэ илъэс пщыкIупI ныбжьым ситу.

Мэремхэ я кхъужь пасэр хьуа иужь, абы и мэ Iэфым зэрихьэблэу я гурыIупсыр кьиГъажэрт. Кхъужьей хадэр бжьым я зэблэкIыпIэт, щIалэ цIыкIуэм ди хьуэпсапIэт. Ауэ, дехьуапсэ щхьэкIэ, абы ихьэфын кьыптэкIыртэкъым. Я зыгъэса тхьэкIуэ дзасэм Iэмал хуэдгъуэтыртэкъым: щрапхьымрэ кьыщаутIыпщымрэ кьыптхэщIэртэжьым.

Мэремхэ я пщIантIэшхуэм псыкIуий хьэлэмэт дэтти, цIыур щызэблэжьыгъ. КхъужьIэрысэ тIыгъуэжари зыми пабыдыртэкъым. Ауэ щIалэ цIыкIуэхэм кьэдгъуар нэхъ тфIэIэфт.

Арати, ди хьэрэмолэ джэгум нужькlэ, жэщыбгым Мэремхэ я жыг хадэм диуэну мурад тщIащ.

Хадапхэмкlэ дыкъекIуэкIауэ дыщхьэдоплъых. Мазэгъуэ нэхущи, жыг щхьэкIэр кьришэхыу пыт кхъужь тхъуэплъхэр дольагъу. ЩIалэ цIыкIуипlI дыхъурти, дызыпытIысхьэну жыг зырызыр кьыхыдохри, дожьэ. Ялэ итыр сэ кьыслъагъэсати, моуэ хадэм сихьа кьудейуэ кьэр кьэбэнащ. Си ужь итхэр занщIэу щIыбкlэ елэжащ.

СодаIуэ. Зыри щыIэкъым. Хьэ банэр хадэм кьыщимыхьакlэ епхауэ кьыщIэкIынщ е дыкьыфIэIуэху хъункъым жызоIэри, сыроощей. Ауэ си гъусахэр накIуэркъым.

Мо кхъужь тIыгъуар си гуфIакIэм дэз кьэсщIри, сыкъэхыжыну зызгъэхьэзыра кьудейуэ, хьэ гъэсар банэу кьэсащ. Си щIагъым ныщIэуващи, зелIэж, ешыркъым. Хадэбгъум кьыщысIэплъэ гупми ягу кхъжыркъым IуагъэщIыну. Кьэжми, шыпэри заущэхуащ. Арати, нэхъ сыщIэгуэавэ дыдэри кхъхуащ.

Хьэ банэ макъым кьигъэтэджкьжри, Мэрем хадэм нихьащ. Шыгъукlэ уэздауэ фоч яIэу ягъэхьыбарти, арат си щхьэфэцыр зыIэтыр: Хьэм зелIэж. Сэ сыкъоплъых. Мэрем ныдопльей. Лыжьым фоч ихьгъкъыми, си гур тIэкIу согъэфI. Ауэ бжэгъу кIэмащхьэмыжьхьыфI IэщIэльщи, зэ уэгъуэщ сыззэрыхуэхъунур. Быдэу сыкъызэпиплъыхьщ-сыныз эпиплъыхьри, «НакIуэ, хьэжь, сыкъэбгъэпцIащ. Ди хьэблэ щIалэ цIыкIухэр сэ дауэ кьыздгъгъуэжьи, кхъужь яшхынумэ, сэ ясыркъэ, махуэу пщIантIэм ныдрехьэхэ», - жиIэурэ, хьэр здрищыкIри хадэм икьижащ, сэри хуитсыхъужащ. Абы иужькlэ Мэрем деж кхъужь дыгъуэ дыкIуэжакъым.

КъыкIэлъыкIуэ гъэм и гъатхэм Мэрем бригадир ящIауэ вакIуэ дыщIэу кьызжиIэжауэ щытащ а жыгым сыщытесам сыкьызэрипльэгъуари сыкьызэрипльхуари. Симыгъэуэкlыгъэн щхьэкlэ, симыльэгъуа нэпцI зищIауэ арат.

ЕсщIа делагъэм и жэуапу Мэрем кьызищIэжа губзыгъагъэр си гъащIэ псокIэ дерс сохуэхьащ.

Мэрем дунейм зэрехькрэ Iэджэ щIащ, ауэ мыр нобэми Iэфlу сигу ильти, кьэсIуэтэжащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд.

Псалъэ пэжищ

Таурыхъ

Зы лIыжь цIыкIу гуэр выгу зэщIищIэри, мэз кIуащ, пхъэ гъсын кьишэну.

Гъэмахуэпэ мазэти, мэзыр ущIэмыкIыфу зэщIэкIат.

ЛIыжь цIыкIур мэзым нэсри, жыгэр кьыщIуныIэ хабзэ гъуэгу кьэгъэшьжьыIэм къыщIувыIакъым. И витIыр лъэрызехьэт, я кьарум кьиГъэгугъэрти, адрейхэр здэмыкIуэф мэз кууупIэ дыдэм нэс пхыкIащ. ВитIыр щIитIыкIщ, жыгым ирипхри, пхъэ гъур кьидгъыхьуэну хыхьащ. Джабэм зы жыг гъумыщIэжь кIэрылъу щрихьлIэм, «Мыр махуэ зыгIущкIэ сыкъызэкIэлъыкIуэми срикъуиущ», - жери, и пащIэкIэ щIэтуфIыкIыгъэ жыгым джыдэ тIыгъкIэ теуIащ. ЩытеуIуэм, лъэбакъуитI нэхъ пэмыжьыжьу пабжьэм зы МэзылI бэлацэшхуэ кьыхуэвыкIащ. Лыжьыр апхуэдизкIэ кхъшынати, джыдэ кьиЭтар ирихьэхьжьыну щыгъупщауэ щытт, МэзылIым еплъу. МэзылIри щытщ, лIыжь цIыкIум кьоплъри. МэзылIыр и анэ кьызэрилъхуауэ пщIанэщ, щыбэщ, и Iбжьанэхэр кIыхьу пыкIыкIащ, и витIыр щIуужу щым кьыхоплъ.

ЛIыжь цIыкIум и фэр пыхьэ-пыкIщ. Еэунущи, мэшынэ, щIэпхъуэжьнущи - нэхъ Iеижщ.

Сытми, апхуэдэу куэдрэ щытахэ, мащIэрэ щытахэ, МэзылIыр къыщиудри, дыхьэшхащ. Мор щыдыхьэшхым, лIыжь цIыкIум и гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжащ. МэзылIыр къэпсэльащ:

- Узмышхуэ узутIыпщыжьну ухуейкlэ, псалъэ пэжищ кьызжеIэ.

ЛIыжь цIыкIу мыгъуэр къэгузэващ. ИщIэнур ищIэркъым. Пэж и гугъэу зыгуэр жриIэрэ, армырауэ кьыщIэкIмэ-щэ! ЖримыIэми - ишхынущ. Сытми тегушхуащ.

- АтIэ, ялэ пэжу бжесIэнуращи, Алыхьым сыкьызэригъэщIрэ уэ нэхъ нэджэIуджэ слъэгъуакъым.

МэзылIыр ину дыхьэшхщ, и дзэхэр зэригъэщхри, жиIащ:

- Ар зы пэжу кьызощтэ. ЕтIуанэр жыIэ.

- Нобэ сызэрыпхуэзэнур сщIамэ, Алыхьым и цIэкIэ соIуэ, итхащIэкIэ пхъэ сымылъагъужьнумэ, сыкьэмыкIуэнт.

МэзылIыр нэхъ иныжу кьэдыхьэшхри:

- Иджы пэж ещанэр кьызжеIэ, - жиIащ.

- Ещанэ пэжыр мыращ: сыбутIыпщыжтэмэ, сыкьызэмыплъэкIыу сыкIуэжынт.

- Псальыщри пэжщ, - жиIащ МэзылIым.

Iуэхур апхуэдэу кьыщыщIидзыжым, лIыжь цIыкIур кьэгуфIэри, и гъэмылэм щыщ зы хьэлIамэрэ лы Iыхьэрэ МэзылIым иритащ. МэзылIым ящIэ и Iэпхъуамбэ кIыхьхэмкIэ Iихри, фIэIэфIыпсу иригъэмэрэкIуэхащ.

- Иджы пхъэ пшэнумэ, - жиIащ МэзылIым, - сыбдэIэпыкъунщ, си зэранкIэ узгъэгуващ.

Мо абрагъуэжьым къару иIэнтэкъэ! ЛIыжь цIыкIур зрикъун пхъэ напIэзыпIэм кьыхуэзхуихьэсщ, гум кьыхурилъхьэжри, кьиутIыпщыжащ.

АЛО ЛутIэ.

Къан

• ФщIэуэ пIэрэ?

ИпэкIэ адыгэм я хабзэу щытащ сабий быдзафэ къану къыIахрэ япIыу. Къан къеIызыхьм езыми сабий быдзафэ иIэн хуейт. ЩыкIуитIри зэдапIырт, зэгъусэу ягъасэрт. Зы быдзышэ щызэдефакIэ, ахэр зы анэ кьиТхуам хуэдэу зэхуэхьурт.

ЩIалэр балигъыпIэм нэблагъэху япIырт. Шы тетIысхьэф зэрыхьуу, шы-уанэ хуэзрагъэпэщырт, зэщIахуэпыкIырти, шу гуп и гъусэу, и адэ-анэм деж яшэжырт.

Здашэжам, щIалэр зейхэм абы тхьэлъэIу иращIэкIырт, и шу гъусэжэри кьагъэхьэщIэрт.

ЩIалэр зейм деж яшэжа щхьэкIэ кьэмынэу, ар зыпIами бын дыдэм хуэдэу яхуэхъурт.

Къану нэхъ кьыIахыу щытар пщыхэм, лIакъуэлIэшхэм я бынхэрт. Хэкум щыцIэрыIуэ, пщIэрэ щхьэрэ нэхъ зиIэхэм я бын къану иплыну кьызыгъыгъэсам дунейм насыпыр кьеуэлIауэ иГъытэжырт.

• Нэщэнэхэр

Набдзэ ижьыр шхэмэ, уогуфIэ

- ◆Адакъэ Iуэмэ, хьэщIэ къоКIуэ.
- ◆Хьэм удэ ишхмэ, гъэр бэв хъунущ.
- ◆Лъэгур шхэмэ, гъуэгу утохьэ.
- ◆Жэщ хьуауэ пхъэнкIий ирадзыркъым.
- ◆Уи бззгум уедзэкъэжмэ, лыщIэ пшхынущ.
- ◆Набдзэ ижьыр шхэмэ, уогуфIэ.

Уд фызыжь

Уд фызыжьу
Пэ кIуанщэжь,
ТIэкIуи жьажьэу
Тхы Iушэжь!
Пэжкъым жалэр
Уэ убзаджэу,
Сабий цIыкIухэри
БгъэтхьэджэУ!
Дзэ пIутыжкъым,
Пшхынур сщIэркъым,
КъикIи щыIэкъым
Уи макъым.
КIий ухуейм,
Ухуейм дэлъей, -
Сыпщышынэркъым
Уэ Iейм!
Ауэ си жейм
Укъыхьхьэм,
Уезгъэшхынущ
Дадэ и хьэм!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• Адыгэ хабзэ

Нэхъыжь и гъуэгу зэпаупщIыркъым

- ♦ Нэхъыжь блэкIыу нэхъыщIэхэм щIыкIэншэу защIыныр, ину псэльэныр, къыщиуду дыхьэшхыныр емыкIу дыдэу ябж.
- ♦ Нэхъыжь гъуэгу техьауэ, ежьауэ кIэлъыджэркъым, атIэ кIэлъокIуатэ, кIэлъожэри зыхуейр жраIэ, къыщыгъупщар иратыж.
- ♦ Нэхъыжь щыту нэхъыщIэ щыскъым, абы и гъуэлъпIэ итIысхьэркъым, и тIысыпIэ хэхам деж тIысыркъым.
- ♦ Нэхъыжь къепсамэ, хуэтэджурэ, «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» - жаIэ.
- ♦ Нэхъыжь и гъуэгу зэпаупщIыркъым, абы и псалъэ зэпаудыркъым.
- ♦ И адэ, и адэ къуэш е езым нэхърэ зыкъомкIэ нэхъыжь и къуэш здэщыс Iэнэ щIалэр тIысыркъым.
- ♦ Нэхъыжь и псалъэ тIу жьIэ ящIыркъым, абы и унафэ хэпсэлъыхьыжьыркъым, якъутэжыркъым.

Псалъэзэблэдз

УпщIэхэр: **1.** Жыгхэм къапыкIэ шхыныгъуэ. **2.** Нартхэ я гуащэр, цIыхубзыщIэ, удз лIэужьыгъуэ. **3.** Нартхэ я ТхьэшхуэI. **4.** УдзыщIэ, «джэд» псалъэ хэту. **5.** Ди щIыпIэхэм щежэх псы уэр. **6.** «Млечный путь» урыс псалъэр анэдэлъхубзэкIэ. **7.** ХьэкIэкхъуэкIэхэм ятеухуа таурыхъ цIыкIу, псысэ. **8.** Адыгэ хъыбархэм хэт шы лъэрызехьэ.

Жэуапхэр пэжмэ, нарт хъыбархэм хэт пщащэ Iущым и цIэм фыкъеджэщ.



Жэуапхэр Iэщыдгъэгъэ зэхэлъ щэмэ ящыщхэр: Тхьэгъэлэгъ, шапсэ, Тэрч, Тхьэжьжьэ, Джэдгъэн, Щыгъуэмэ, Сэтэней, пхъэшхуэжьнышхуэ.

Шыдым уэрэд жимыIэж щIэхъуар

Итальян псысэ



кIиящ шыдыр, аргуэру псом япэ зыкъригъэщри.

Псэущхьэхэр зэуэ зэщIэдыхьэшхащ, шыдыр ауан ящIу. Езы шыд тхьэмыщкIэм и макъ дахэр абдежым фIэкIуэдащ: укIытащэри, кьыкъ хъущ.

Абы лъандэрэ шыдым жиIэфыр зы псалъэщ: хьэIуу, хьэIуу, хьэIуу.

ЗэзыдзэкIаф
СОНЭ Абдулчэримщ.

ИжьижьжкIэ уэзIэбэкIыжмэ, зэрыжаIэжымкIэ, шыдым хуэдэу дахэу уэрэд жызыIэф щыIакъым.

Зэгуэрым псэущхьэхэм я зэхуэсышхуэр здекIуэкIым, абыхэм я пащтыхь Аслъэныр щIэупщIащ:

- Хэт псом нэхърэ нэхъ дахэу фэ фхэтыр?

- Сэращ! ХьэIуу, хьэIуу! - напIэзыпIэм шыдыр къэгуоащ.

- Дэгъуэщ псом нэхърэ уэзрынэхъ дахэр. АтIэ хэт псом нэхърэ нэхъ лъэщыр?

- Сэращ! ХьэIуу, хьэIуу! - къэгуоущ шыдыр, адрейхэм я жьэр зэщIахыну хунэмысу.

- Хъарзынэщ, абы щыгъуэм, - жи Аслъэным, - хэт-тIэ нэхъ делэр?

- Сэращ! ХьэIуу, хьэIуу! - къэ-

ПсынщIэрыпсалъэхэр

ТIы цыплъ

Ди губгъуэр Iэбгъахъуэ
хьупIэщ,
Жыг щхьэбгъуэ абгъуалъэщ,
ТкIэрыкъу э гъуэ лъхьапIэщ.

Мы тIы къарэ тIы цыплъыр
Сэ зэрысфIэтIыкъарэ
ТIы цыплъым хуэдэу,
Уэри пфIэтIы къарэ
тIы цыплъкъэ?

Iэпхъуалъэ фIыцIэ,
псырылъэ цIу.
Псырылъэ фIыцIэ,
Iэпхъуалъэ цIу.

Мо бжэкъуагъым кьуэль
жьыхапхъэр
Унащхьэмкlэ
щхьэпрызутIыпщыкIщ,
КьыщхьэпрызутIыпщыкIыжщ.

Жэм къарэ бжьэпэху мо
хы Iуфэм
Кьыщlосыкl-щlосыкIыж,
Кьыщlосыкl-щlосыкIыж.

Урыс ужьыр мывэ хужьым
губжьауэ
Жьэхэуэри ирихужьэри
ежьэжащ.

• Сабийхэм жаIэ

Си Iэр къэсIэткъым

Япэ классым щIэс цыкIухэм деж урок щокIу экI. Егъэджакlуэр тIэурэ-щэрэ зыгуэрхэмкIэ еупщащ Идар.

- Апхуэдизрэ щхьэ укьызэупщIэр? Пльагъуркъэ си Iэр кьызэрызмыIэтыр? - егъэщIагъ уэ Идар цыкIу.

Дэнэ къикIа къашэ!

- Мамэ, сэ инышхуэ сыхьуащ. Си къэшэгъуэ хьуауэ жиIащ ди гъунэгъу дадэ.

- Дэнэ къикIа къашэ? Мес, уи Iыхьэр пчунэмыгъэсауэ тепщэчым ильщ, уэр-уэру тэмэму ушхэфыркъым.

- У мыгъавэ, къасшэмэ, абы сигъэшхэнущ.

ТIум яз

- Мамэ, щыбым сыщIэкIыу ПIутIэ сыдэ джэгу хьуну?

- Хьэуэ, ар щIалэфIкъым.

- НтIэ, сыщIэкIыу субэрэжь хъуну?

Шумахуэ егъэщIагъуэ

Мэкъу зэтезылъхьэ адэ-анэм ябгъэдыхьащ джэгункIэ ирикъуу кьыдыхьэжа Шумахуэ.

- Ин ухъумэ, уэ щIыкIури укьыддэIэпыкъунщ, пэжкъэ? - йоупщI анэр и кьуэ гъэфIэным.

- Зиунагъуэрэ, апщIондэхукIэ фыпэрытыну мэкъу Iэтэ зэтелъхьэным? - егъэщIагъуэ Шумахуэ.

ЗыгъэхьэзырарТА Э ФатIимэщ.

ПщIыупситI

ГушыIэ

ПщIыупситI щыIэт. «Мопхуэдэ щIыупсым деж сыкIуэнщи, зэзгъэщIыхунщ», - жиIри ежащ зыр. Модрейм ар дыдэр игу кьэкIри, къежащ. ТIури кIуэурэ, жэщ зэхуэдитIым гъуэгум щызэIущIащ.

- ФIэхъус апщий!

- Упсэу апщий!

- Удэнэ хэку?

- Хьажкрэтым сыщыщщ. Уэ-щэ?

- Сэрикl сыадыгэщ, Къэбэрдейм сыкъокl.

- НтIэ, сыт хъыбар фэ фи дежкIэ?

- Уэлэхьи, мыпхуэдэу зы къэбжьыIэ гуэр халъхъати, - жиIащ Къэбэрдейм кьикIам, - кьэб жьыIэр къэкIыурэ и жьауэм жьыIэр щIихъумауэ къызэхэнакIэ. Къэбу кьыпыкIахэри къехуэхмэ, жьыIэр щIипIытIэным хуэдэу фIэльщ.

- Уэлэхьи, а къэбым и хъыбарыр зэхахауэ, ди гъукIэхэм шыуанышхуэ ящIкIэ, къэбыр ирагъэвэну, - жиIащ Хьэжрэтым щыщым.

- Хэт а тIум нэхъ пщIыупсыр? - жери, лIыжь гуэрым еупщIати, «Уэлэхьи, тIури зэхуэдэ щIыупскIэ», - къажриIащ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ зэхуешэс

●ЩIалэгъуэ

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым Iуащхьэмахуэ лъапэ щIэ хэщIапIэ щыщхьэIум и кIэух махуэхэм зэIущIэ хьэлэмэ тхэр щекIуэкIащ. Тхьэмахуэ нэблагъэкIэ абы щыгъэхэташ КъБКъУ-м и студентхэм я школ. «Авг уст еонк-2010» зыфIащар.. апхуэдэу щIэныгъэм щыгъаныхуэ «ЛьагапIэ» гъэмахуэ щIалэгъуалэ лагерыр, къыщынэмыщIауэ, Кавказ Iущхьэрэм и студент зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм я зэIущIэ.

А ПСОРИ зы зэманым щыгъэхуагъэсами мыхьэнэ пыухыкIа иIэщ – псом апхуэдизкIэ «ЛьагапIэ» лагерым ирагъэблэгъат унагъуэ хуэмыщIахэм кьаэхIа, хабзэр кьыгъэпаудауэ учетым щыт ныбжьыщIэ куэд. Ахэр студентхэм яIуща нэужь, абыхэм ящэпльеиным, щапIхьэ трахыным Iуэхур тращыхьауэ аращ.

Зэхуэсыр кьыгъэIуихащ КъБКъУ-м и студент зэгухьэныгъэм и унафэщI, УФ-м и Къэрал Думэм и Жылагъуэ щIалэгъуалэ палатэм хэт Лу Аэзмэт.

- Мы махуэ гъунэгъуэхэм екIуэкIыну зэIущIэхэр псомкIи къыфхуэщхьапэну сыныбохьуэхьу. Мыпхуэдэу нэхьыбэрэ дыдэхуэхэм уеиIущ. Ильэс зыбжанэ хьуауэ ядо-гъэкIуэкI «Августенок» зыфIэтща студентхэм я школ. Абы щIалэгъуалэр щигъэуазэ щхьэу социальнэ проектхэр зэрагъэхьэзыр щыкIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэкIэр кьыдэгъэкIуэну. Iуащхьэмахуэ зыхагъахьуэм и мызакъуэу, студентхэм мыбы зыщагъэпсэху, я нэгу зыщрагъэжьэ, ныбжьэпIу щыIэ ку окъу. Мы гъэм а зэIущIэм нэхьри зедгъэубгъуаи. Ди гугъэщ абы мыхьэнэ пыухыкIаэр иIэну, - жиIащ Лум.

АдэкIэ псалъэ ираташ Налшык кьалэ администрацIэм щIалэгъуалэ IуэхущхьэкIэ и Iэщ IагъэлI нэхьыщхьэ Бахтияровэ Евгение. Ар псоми ехьуэхьауащ ныбжьэгъуфI куэд зэIущIэм щызрагъэгъэ уэтыну, я узынщагъэми щIэныгъэми хагъэхьэну, Жылагъуэ зэгухьэм кьыхэжаныкI щIалэгъуалэм я гъусэу мобы зэрящIэIэнур, зэрызагъэпсэхунур сабийхэм я дежкIэ щхьэпэ зэрыхьунури.

Лу Аэзмэт зэрылэжьыну щIалэм тепсэлъыхьа нэужь, зэхуэхьэм кьриихьэлIа псори гупищу ягуэшащ. «Плъыжьхэр», «ЩхьуэхэР», «Хужьхэр». Дэтхэнэ гупми хэт и студентхэри сабийхэри. ЗэхащIыхь укIын папщIи, дэтхэнэ гупми тыгъэ хуащIащ я плъыфжьэ зэмыщхь джанэхэр. Гупищым я унафэщIхэри хахащ - КъБКъУ-м и студент зэгухьэныгъэм ящыджэрэ у хэт, щIэныгъэ IуэхуэхмкIэ къудамэм и унафэщI Кушбокъуэ Къазихьан, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщ студентхэм ядэIэпыкъунымкIэ къудамэм и Iэт ащхьэ Ныбэжь Руэаннэ, хамэ кьрахьа кьиикIа щIалэгъуалэм, общежитым щIэс студентхэм ядалэжьнымкIэ къудамэм и тет Нэгуэр Оксанэ сымэ. Дэтхэнэ зыми и гупур хуигъэхьэзырын хуейт зэIущIэм и кIэм екIуэкIыну «Жэщ плъыр» джэгу у-эпэ-уэм.

Ныбжьыщхьэр махуэ кьэс ленцэхэм едаIуэрт, джэгуKIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеу эрт, пщыхьэщхьэм г уп кьэс щхьэхуэу зэхуэсыртри, дэтхэнэ зыми махуэм ильэгъуадэхэм ящыщу игу кьеуэр жиIэрт, ар кьызыхэкIам, я щхьэусыгъуэм тепсэльыхьырт, афIэкIа апхуэдэ кьэмыхьун папщIэ щыIэ хэкIыпэхэр кьигъэльагъуэрт.

НыбжьыщIэхэр лекцэ, трениингъэшIэныгъуэм куэдым хэтащ. Апхуэдэхэщ, псальэм папщIэ, «Студент зэгухьэныгъэ: дыгъуасэ, нобэ, пщэдей», «Iуэхугъуэ пыухыкIам зэрыпепсэльыхь щыкIэр, кьэпсэльэныгъэхэр», «Пашэу щытыныр, IуэхущIам хуэщIэтэджэныр», «Социальнэ проектхэр», «Егъэджэныгъэ КъБКъУ-м зэрыщекIуэкIыр», нэгъэущIэхэр. Лекцэхэм кьеджащ Щоджэн Мурат, Шэфий Аслъэн, Лу Аэзмэт, Нэгуэр Оксанэ, Кушбокъуэ Къазихьан, Къэрмокъуэ Маринэ, Рудь Анастасие сымэ. Дэтхэнэм и лекцэри гъэщIэгъуэнт, едаIу эк эм ямыщIэ куэд кьыззэращIэм и щыхьэтт упщIэ Iэдэкэ зэрэлэр.

Лекцэ едаIуэ, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру хэтым кьыщынэмыщIауэ, щIалэгъуалэм пщыхьэщхьэкIэрэ адыгэ джэту ящIырт. МазэкIэ, зэман нэхь щIэхэм дежи, я нэгу зрагъэужьыну, зэпльыхьыну бгыхэм дэкIырт. Апхуэдэу ахэр щыащ Ирикчат бгы щхьэдзэхыпIэм щыIэ «Пшахъуэм кьыхэщIыкIа быдапIэ» щыIэ тельыджэм, Чегет лъапэ, Шхельдэ псы ежэхьм и Iуфэм, нэгъуэщIхэмк.

- ЗэдэIуа лекцэхэм, зыщIэса тренингхэм щызрагъэгъуэта щIэныгъэ щIагъэбыдэжку кьэзэщIыгъэк лжжьыгъэ зэхуэхьныр т. Джэгукlэр, тIэкIу щынагъэкIи, гъэщIэгъуэнт. Зэпеуэм и хабзэхэм кьахуигъэувэ кьалэнхэр псом япэу ягъэзащIэри, «Хужьхэр» телкIуащ.

Абыхэм кьадэкIуэу студентхэм фильми щытраха щ а зэIущIэхэмрэ джэгумрэ. Иджы ар КъБКъУ-м щIэс щIэныгъэ щагъэлъэгъуэнущ.

Апхуэдэу Кавказ Ищхьэрэм и студентхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зы махуи зэпыуакъым - я еджапIэхэм щекIуэкI Iуэхущхэм тепсэлъыхьащ, зэфIагъэкIахэм я гугъу ящащ, кьалэныщIэхэр я гIэуващ, зыгъэгъуэ ящ. Iуэхущхэм я зэгухьэныгъэ, зэрыпIыгъну. Студент жыджэрэм хьэщIэхэм упщIэ ирамыту апхуэдэ Iэмал благъэкIынт?! Абыхэм ящIэну зыхуэпсэр куэд хьурт - республикэхэм, Кавказым, еджапIэ нэхъыщхьэ зэм ятеухуауэ. Дэтхэнэ упщIэми хьэщIэхэм жэуап зэпкрыхахэр кьратыжащ.

...Iупыр зэрыщIэхьуэ увар, хэт укьыгъэIэжьынуми, хэт зыкьыпщIигъэкьуэнуми псоми кьыщащIар «Жэщ плъыр» зэпеуэрщ. Джэгур щекIуэкIащ хэщIапIэм и щыкIкIэ щыIэ мэзым. Нэхь щIэщыгъуэ, тIэкIу шынагъуэ хьун папщIэ ныбжьыщIэхэр пщыхьэщхьэм сыхьэти 9-м кьыщIыщIэдзащ жэщыбг хь у-ху ягъэжьагъащ. «Плъыжьхэр», «Хужьхэр», «ЩхьуэхэР» текIуэну хуейт.

Джэгум и хабзэхэри гъэщIэгъуэнт. Зэпеуэр Iыхьитl хьурт. Ятпэм дамыгъэхэр кьагъуэтын хуейт, джэгур кьызэзыгъэнтэщахэм кьрат чэнджэщхэм тетурэ. Апхуэдэу дамыгъащ зыIэрагъэхьа нэужь, етIуанэ Iыхьэм кIуэхэр т. Ар нэхъ шынагъуэт Мэз кIыфым здыхэтым, зыIуцыдзу, уд фызыжьу зызыхуэпахэм жыгхэм зыкьыкьуадзыуэ гупхэм щыщхэр ягъащIэрт. Абджемиг гупым я Iэхэр зэрыгуфIыщ кIуэхэр т. Ар нэхъ шынагъуэт Мэз кIыфым здыхэтым, зыIуцыдзу, уд фызыжьу зызыхуэпахэм жыгхэм зыкьыкьуадзыуэ гупхэм щыщхэр ягъащIэрт. Абджемиг гупым я Iэхэр зэрыгуфIыщ хьунутэкьым, а кьру кIапсэу кьызэракIуэкьым хуэдэу я гъэзэгум пащэм хуейт. Зыгуэр кьакIэрыхуамэ, ар «лъэхъуэщым» яIэрт. Зы цIыху яхэщIауэ, гупым джэгум адэжь пищэну хуиттэкьым - ар кьрагъэлэну кIуэрт, абдежьым щысхэм е кьуажэкъ кьрагъащIэрт е зы Iуэхугуэр ирагъащIэрти, итIанэт я «гъэрыр» кьыщаутIыпщIжыр, джэгуми щыпащэкыр. Мы джэгуKIэм куэдкIэ унгу кьыгъэкIырт «Форт Боярд» телеэпеуэр.

ЕтIуанэ Iыхьэм цIыхуитху кьагъуэту (ахэр гъэпщIкIуэу дэнэ джэн кьуэтыфынут), абыхэм я кьуажэкъэр кьащIэн хуейт, абы и ужькIэ кьытралъхьэр я хьэлъэу гупым лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэгъэащIэрт. Псальэм папщIэ, псоми я нэр пхуэр, мэзым хэту, зым и пIлэр адрейм кIыгъэну, зы нэр щымыпхыкIа апэ итым здрищэжкIэ кIуэныр, псыIэрпщIэ цыкIухэм ебжьэуныр, мывэхэм кьапэкIуэхьныр, я нэхэр пхуэр, я Iэхэр зэрыIыгъэу гупыр зэпэплIимэу нувыкIныр, нэгъуэщIхэри. Сыт хуэдэ зэпеуэри выхуэунэтIэр зыт - гупым хэт ныб жьыщIэхэр нэ хъ гъунэгъуэ зэрыщIыхунырт, ныбжьэгъу зэхуэхьныр т. Джэгукlэр, тIэкIу щынагъэми, гъэщIэгъуэнт. Зэпеуэм и хабзэхэм кьахуигъэувэ кьалэнхэр псом япэу ягъэзащIэри, «Хужьхэр» текIуащ.

Абыхэм кьадэкIуэу студентхэм фильми щытраха щ а зэIущIэхэмрэ джэгумрэ. Иджы ар КъБКъУ-м щIэс щIэныгъэ щагъэлъэгъуэнущ.

Апхуэдэу Кавказ Ищхьэрэм и студентхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зы махуи зэпыуакъым - я еджапIэхэм щекIуэкI Iуэхущхэм тепсэлъыхьащ, зэфIагъэкIахэм я гугъу ящащ, кьалэныщIэхэр я гIэуващ, зыгъэгъуэ зэпеуэ. Iуэхущхэм я зэгухьэныгъэ, зэрыпIыгъну. Студент жыджэрэм хьэщIэхэм упщIэ ирамыту апхуэдэ Iэмал благъэкIынт?! Абыхэм ящIэну зыхуэпсэр куэд хьурт - республикэхэм, Кавказым, еджапIэ нэхъыщхьэ зэм ятеухуауэ. Дэтхэнэ упщIэми хьэщIэхэм жэуап зэпкрыхахэр кьратыжащ.

...Iупыр зэрыщIэхьуэ увар, хэт укьыгъэIэжьынуми, хэт зыкьыпщIигъэкьуэнуми псоми кьыщащIар «Жэщ плъыр» зэпеуэрщ. Джэгур щекIуэкIащ хэщIапIэм и щыкIкIэ щыIэ мэзым. Нэхь щIэщыгъуэ, тIэкIу шынагъуэ хьун папщIэ ныбжьыщIэхэр пщыхьэщхьэм сыхьэти 9-м кьыщIыщIэдзащ жэщыбг хь у-ху ягъэжьагъащ. «Плъыжьхэр», «Хужьхэр», «ЩхьуэхэР» текIуэну хуейт.

Джэгум и хабзэхэри гъэщIэгъуэнт. Зэпеуэр Iыхьитl хьурт. Ятпэм дамыгъэхэр кьагъуэтын хуейт, джэгур кьызэзыгъэнтэщахэм кьрат чэнджэщхэм тетурэ. Апхуэдэу дамыгъащ зыIэрагъэхьа нэужь, етIуанэ Iыхьэм кIуэхэр т. Ар нэхъ шынагъуэт Мэз кIыфым здыхэтым, зыIуцыдзу, уд фызыжьу зызыхуэпахэм жыгхэм зыкьыкьуадзыуэ гупхэм щыщхэр ягъащIэрт. Абджемиг гупым я Iэхэр зэрыгуфIыщ хьунутэкьым, а кьру кIапсэу кьызэракIуэкьым хуэдэу я гъэзэгум пащэм хуейт. Зыгуэр кьакIэрыхуамэ, ар «лъэхъуэщым» яIэрт. Зы цIыху яхэщIауэ, гупым джэгум адэжь пищэну хуиттэкьым - ар кьрагъэлэну кIуэрт, абдежьым щысхэм е кьуажэкъ кьрагъащIэрт е зы Iуэхугуэр ирагъащIэрти, итIанэт я «гъэрыр» кьыщаутIыпщIжыр, джэгуми щыпащэкыр. Мы джэгуKIэм куэдкIэ унгу кьыгъэкIырт «Форт Боярд» телеэпеуэр.

ЕтIуанэ Iыхьэм цIыхуитху кьагъуэту (ахэр гъэпщIкIуэу дэнэ джэн кьуэтыфынут), абыхэм я кьуажэкъэр кьащIэн хуейт, абы и ужькIэ кьытралъхьэр я хьэлъэу гупым лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэгъэащIэрт. Псальэм папщIэ, псоми я нэр пхуэр, мэзым хэту, зым и пIлэр адрейм кIыгъэну, зы нэр щымыпхыкIа апэ итым здрищэжкIэ кIуэныр, псыIэрпщIэ цыкIухэм ебжьэуныр, мывэхэм кьапэкIуэхьныр, я нэхэр пхуэр, я Iэхэр зэрыIыгъэу гупыр зэпэплIимэу нувыкIныр, нэгъуэщIхэри. Сыт хуэдэ зэпеуэри выхуэунэтIэр зыт - гупым хэт ныб жьыщIэхэр нэ хъ гъунэгъуэ зэрыщIыхунырт, ныбжьэгъу зэхуэхьныр т. Джэгукlэр, тIэкIу щынагъэми, гъэщIэгъуэнт. Зэпеуэм и хабзэхэм кьахуигъэувэ кьалэнхэр псом япэу ягъэзащIэри, «Хужьхэр» текIуащ.

Абыхэм кьадэкIуэу студентхэм фильми щытраха щ а зэIущIэхэмрэ джэгумрэ. Иджы ар КъБКъУ-м щIэс щIэныгъэ щагъэлъэгъуэнущ.

Апхуэдэу Кавказ Ищхьэрэм и студентхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зы махуи зэпыуакъым - я еджапIэхэм щекIуэкI Iуэхущхэм тепсэлъыхьащ, зэфIагъэкIахэм я гугъу ящащ, кьалэныщIэхэр я гIэуващ, зыгъэгъуэ зэпеуэ. Iуэхущхэм я зэгухьэныгъэ, зэрыпIыгъну. Студент жыджэрэм хьэщIэхэм упщIэ ирамыту апхуэдэ Iэмал благъэкIынт?! Абыхэм ящIэну зыхуэпсэр куэд хьурт - республикэхэм, Кавказым, еджапIэ нэхъыщхьэ зэм ятеухуауэ. Дэтхэнэ упщIэми хьэщIэхэм жэуап зэпкрыхахэр кьратыжащ.

...Iупыр зэрыщIэхьуэ увар, хэт укьыгъэIэжьынуми, хэт зыкьыпщIигъэкьуэнуми псоми кьыщащIар «Жэщ плъыр» зэпеуэрщ. Джэгур щекIуэкIащ хэщIапIэм и щыкIкIэ щыIэ мэзым. Нэхь щIэщыгъуэ, тIэкIу шынагъуэ хьун папщIэ ныбжьыщIэхэр пщыхьэщхьэм сыхьэти 9-м

1960 гъэм Жэмтхьэлэ школыр къэзыуха гуп. *2010 гъэ*

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIауэ

●Дэ къытхуатх

ЖЭМТХЬЭЛЭ дэт курыт еджапIэр къэзыуахэр, хабзэ хъуауэ, щIэх-щIэхыурэ зэхуос. Иджыблагъэ 1960 гъэм школыр къэзыуахэм ягъэльэпIащ бапмгъ гъаIэм зэрыхузэрэ ильэс 50 зэрырикъуэр.

ЗэIущIэр гъэнщIат къызэхуэсахэм я сабиигъуэр, щIалэгъуэ гукъэкIыжхэмкIэ. ГущIэм щызыIэрагъэхьа ехьулIэныгъэхэм, я унагъуэм, я щIэблэм тепсэлъыхьа нэужь, иджырей зэхъэжьыныгъэм, апхуэдэуи зыгъэпIейтейхэмкIэ зэдзэгушащ. Ахэр иригушхэрт, нобэми ямыгъэкIуэда, школым кьыщежьа я зэныбжьэгъугъэм, зыр адрейм дибгъэшу, я гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ зэрыщIэу кьызэрызздекIуэкIым.

Iупым ягъэщIэ гъэждажьэкIуэ Iэщ Iагъэр кьыхэзыхахэм ящыщу Гузеев Исупрэ Мамаев Мустафарэ, Токумаевэ Къаразжанрэ Кайгермазовэ Асярэ медицинэм и лэжьакIуэщ. Мэремкъуэ Щыхьырбийрий инженерщ, Къэгъэзэж Толэрэ Дэхъу Юрэрэ шофер Iэщ Iагъэр кьыхахащ, Джэрыджэ Къэрэ, Чэрты Роэ сымэ сатум пыщIащ, Тхьэгъэлэдж Хьэчим совет зэманым щызрыIуэу щыта «Телемеханикэ» заводым и бригадиру, инженер-механикыу щытащ Тхьэгъэлэдж ТэIибэт мэзым и лэжьакIуэщ, Уэрзэет Раисэ инженер-технологщ. Классым щIэсахэм я нэхъыбэм еджапIэ нэхъыщхьэкIэ кьаухащ. Абыхэм ящыщ куэдым зыпэрыт Iэнатlэм екIуэлIэныгъэкIэ щызыIэрагъэхьащ.

1960 гъэм Жэмтхьэлэ курыт еджапIэр къэзыуахэм ящыщщ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткIэ Жьэкlэмыхьу КIунэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Чубаков Алий, цIыхубз егъэджэныгъэм и отличник щIэр зыфIащащэу Мэремкъуэ Зерэ, Мату Виктор, шахтэм унафэщIу щылэжьа, щIыхь зиIэ ухуакIэ Къудей Малин, зоотехник-селекционер Атэбий Юрэ, архитектор-проектировщик Уэзырмэдж Хьэчим, Шэрэдж районом и унафэщIу щыта Занибеков Мухьэдин сымэ.

Зэдеджа-зэныбжькъэгъу гупым я классэгъу щытауэ дунейм ехьыжакэр ягу кьагъэкIыжащ. Иужькlэ Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъаэр трапльхьащ.

●Хъуэхъу

Нар ткъалэ щыпсэу, ещанэ классым щIэс икIи фIы дыдэу едж Шыбзыхьуэ Къамгуэ Аслъэндаркъуэ и пхыр кьыщалъхуэ махуэщ, и ныбжьыр илъэсий ирокъури дохьуэхьу!

Ди пщащэ гуащэм уи Iэфыгъуэщи, дзрэжьэгъуэкIэ гъэнщIа сабиигъуэ уиIэну, уи кьэкIуэнур дахэу, уи фIэрафIагъэм цIыхур итхьэкъуэ, Iэщ Iагъэкlэ уцIэрыIуэу, уи Iитlыр фIыгъэщIэу, фIыкIэ уи цIэр яIуэтэу, псынэпсу уи псэр кьабзэу, уи гур щIэзу, акьылгъэ мылык укIэ убейуэ, Iуащхьэмахуэ уардэдэу уи пщIэр лъагэу, уи насыпыгъэр зэрыгъуэ, уи нэмысымрэ хабзэмрэ уи гъуэзэу, уэркIэ дыгушхуэ гъащIэм лъэ быдэкIэ ухэзыбэну ди гуапэщи, насыпу щыIэм и нэхъ лъапIэмкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну дынохьуэхьу.

ФIыуэ укьэзыльагъуэ уи адзыхуэ Шыбзыхьуэ Мухьэмэд, анэзыуэ Федосэ, уи адэ Аслъэндджэрий, уи анэ Оксанэ, уи дэлъху Къантемыр.

●Спорт хъыбархэр

КъБР-м и каратистхэр дунейпсо утыкум йохьэ

Кисловодск щекIуэкIащ каратэмкIэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыныгъэ ящIа дунейпсо чемпионатым кIуэнухэр къыщыхьэхьэзэзуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыхьыр яхъумащ спортсменымэ.

ЩыБЭНА хьэлъагъэм пащэ щыхьэщхьэр Ковалевэ Валерэ (кг 68-ри) Губеров Бесэлъэн (кг 60) икIи дунейпсо чемпионатым зыкьыщагъэльэгъуэну Iэмал кьахуэкьуэкIащ. ЕтIуанэ хъуащ Степанова Ольгэрэ (кг 50) Губеров Сослъэнэ (кг 60). Жэз медалэр кьалъысащ Нэхущ Рустам (кг 84-ри), КIэмпIарэ Рустам (кг 67-ри), Горбачевэ Александрэ (кг 60) сымэ.

Зэхэзэхуэм щыгъэIэрагъэхьа ехьулIэныгъэхэм япкIи иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и команд кьэзыхьэм япэ гуп ювыпIэр иубыдащ.

Спартакиадэм щIедзэ

ФокIадэм и 2 - 3-эм «Ладья» шахматыращхьэ клубым щекIуэкIащ КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ шахматэкмкIэ я спартакиадэ. Абы хэтащ команд-ритф.

ЗэХЬЭЗЭХУЭ гугъуэхм текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьащ КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ министерствэм и гупым. Абы кьыкIэлъокIуэ Спортымрэ туризмэмкIэ министерствэмрэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыпхъэхэмкIэ министерствэмрэ.

ТекIуэхэмрэ кьыхэжаныкIахэмрэ Кубокхэмрэ грамотэхэмрэ ираташ.

Спартакиадэм хиубыдэ футболымкIэ, стIолыщхьэ теннисымкIэ, псы ешыныкIэ, баскетболымкIэ, бильярдымкIэ зэпеуэхэр фокIадэ маззэрыухьуекIуэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

«Гъэмахуэегъэжьэж»

ФокIадэм и 16-м сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-м фыкьыстхуеблагъэ усэмрэ пшыналъэмрэ я пшыхьэм.

Адыгэ усакIуэхэм я IэдакъэшIэжьхэм кьеджэнущ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и артистхэр.

Пшыхьэр щекIуэкIынущ Налшык кьалэ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым.

«Жан» зэгухьэныгъэ.

●Дн сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Налшык Музыкэ театрым щагъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ, СССР-м, Урысей-Федерацэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсин ильэс 60 зэрикъур. Сурэтым щывольагъу *(сэмэгумкIэ къыщегъэжьауэ):* **КъБАССР-м и Тхаджуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Щоджэнцыкlу Iэдэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщI Мэлбахьуэ Тимборэ,Кулиев Къайсин, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Тхьэмадэ, усакIуэ Геттуев Магомет, узбек усакIуэ Зульфия.** *1977 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИХЭЩIАПЭР



360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхугъуэхэм я - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлажьэныгъэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пщымоохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъыкIэ ахэр зытхахэм пэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэныту пытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщ датыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щныкмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №ЗЦ0065-м щIэхуэ ягъуэм

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыIа РеволюцIэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къмахуэм егъэлеяуэ хуабэу зэрыщытам и зэран екIащ къэралым и щIыналъэ куэдым я гъавапхъэ къэкIыгъэхэм, ауэ апхуэдэ дунейщытыкIэр зыкIи «къехъэлъэкIакъым» амбразием (адыгэхэр абы губгъуэжьхапхъэкIэ додж).

Тхылъхэм къахохъуэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лъэпкъ библиотекэм и гъэтIылъыгъэхэм кьыхэзгъэхъуэным ехьэлIа Iуэху кьыхалъхьауэ щытащ ильэс 20 и пэкIэ. Абы илъэ иткIэ библиотекэм и лэжьакIуэхэр ядэлажьэрт тхылъ куэд зиIэ щыхуэкъм. Абыхэм ныгъэ кьыхуэщIауэ гъэтIылъыгъэ фондым тхылъ куэд кьрахьэлIауэ щытащ 1990-1995 гъэхэм. Библиотекэм и унафэщI Емуэ Анатолэ а Iуэху щхьэпэм мы зэманым пыщIыр игъэуу кьилъытагъ, абы ехьэлIа акцэм щидзащ.

Иджы мыбы кьрашалIэ ильэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ зэпэубыдауэ щыта тхылъ куэд. Нэхъыбэу ахэр библиотекэм кьеъэутыр щIэныгъэрыпсалжьэхэмрэ тхылъ едэжьым дихьэхыу щыта пенсионерхэмрэщ. Лэжьакlуэхэм зэрыжьалмкIэ, щIэупщIэшхуэ зиIэу щыта икIи ущымыгуфIыкIынкI Iэмал имыIэу хьарзынэу яхъума кьыдэкIыгъуэ Iэгъуэнщ Iэхэм урохьэлIэ. ГъэтIылъыгъэ фондым и лэжьакIуэхэм япэу кьалэрыхьа тхылъхэр егупIупIу эхадэ, зэгъэзэхуэжьыпхъэхэм и кIэщIыпIэкIэ елэжьнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Абы дегъэпIейтей

Губгъуэжьыхапхъэм цIыхум кърищIэр куэдрэ хуэшэчыну?



ГУБГЪУЭЖЬЫХАПХЪЭР Америкэм кьаращи, Европэм кьашащ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм икIи псынщIэдыдэу абы щIыпIэ куэдым зыщыбгъуащ. КьызэрахутамкIэ, Урысей Федерацэм и субъект 33-м ар кьыщокI, уеблэмэ ди Инщэ щыналъэм «хэгъэрей» дыдэ щыхъуащ. Иужьрей ильэсхэм цIыху куэд дыдэ гугъу езыгъэхь а уздыжьым апхуэдизкIэ ПъабжьэгъэпIэщ иIэщи, щIым метрипIлым нэскIэ йокIых, абы уэгъури, уэлбанэрилэри, уаери - зыри зэран хуэхъуфыркъым. А кьэкIыгъэр ди щIыпIэм щогъаГъэ бадзэуэгъуэ мазэм кьыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и пэщIэдзэ хьэху. Абы кьыпих жылэмрэ сабэмрэ цIыхухэм псом хуэмыдэу йогуаеу щыщхьэлу, фокIадэ мазэхэм.

Урысейм губгъуэжьыхапхъэм аллергие яриту цIыху куэд зэуэ яIэ дыдэу щигъэсымэджауэ щытащ ильэс 50-кIэ узэIэбэкIыжмэ. Иджы Инщэ щIыналъэм щыпсэу цIыхуипII кьэс зым а зыщIэр пкърытщ.

Губгъуэжьыхапхъэм цIыху куэд дыдэ щигъэсымаджэм и щхьэусыгъуэр а кьэкIыгъэ ежьжьыр псынщIэу зэрыбагъуэм и закъуэжьым - абы и жылэхэр апхуэдизкIэ цIыкIуащи, кьыпих сабэр цIыхум и кьурмакъейм, и тхьэмбылым ирехьэ. Апхуэдэуи, абы фермент щхьэхуэхэр хэльащи, ар тыншу щIохьэ цIыхум и нэм, и пэм ирехьэ.

Аллергием кьыщыщIидзэкIэ цIыхум и напIащхьэхэр кьопщ, пльыжь мэхъу, и нэхэм пшахьэр щIэлым хуэдэу, нэпс кьыщIэжу, кьыгъэплъэну кьехьэлъэкIыну, и тэмакъыр, и тхьэжкIумэ, и пэ кIуэщIхэр кьрипшыкIыну мэхъу. А псомкI кьадэкIуэу, а узыфэр зэуэлIар нэхъ псынщIэу еш, тэмакъыщI мэхъу, ерыскъым и гур хуэкIуэркъым, и жейр фIокIуэщ. Кьыщыхьу щыIэщ цIыхур мыбуэфIу и тэмакъыр щыщIидыдыжьи.

Апхуэдизу гугъуехь цIыхум тезыгъэлъ кьэкIыгъэ екIуэжьыр ди гъуэгубгъуэм, псы Iуфэхэм кьыщыкIыкIыу щыплъагъуэкI унгу кьоуэ, псом хуэмыдэу гущIыхьэщ ар кьалэ пщIанэ Iэхэм, ахэсу еIIалIуэ кьыщагъэкIа фIэкIа умыщIэну, гуэрэнышхуэурэ зэриту. Абы кьыпих фуэщ щынагъуэм иробауэ нэхьыжьи хьэщIэ.

АтIэ абы зыкIи упмыльэщыну арауэ пIэрэ? Апхуэдизу гуащIэ зиIэ удыжьыр, дауи, гъэкIуэдыгъуафIэ хъунукъым. Илъэс куэд хъуауэ абы и «шыфэлIыфэм» кIэльыпIь Iэщ IагъэлIэм зэрыжьаIэмкIэ, ар щэмэджкIэ пыбупщI кьудейкIэ зэфIэкIыныухьым. Ар щыгъэгъэм джа кьэлъх хьуэхэнукъым, узынщагъэм джежIэ икъуэкIэ зэранци. Iэмалыр - абы гъэгъэщIымыдзэ щыкIэ и Iьаджжэгу ари зы цIыху-цIыхугъ Iэ кьарукIэ, уеблэмэ ди республикэм и закъуэкIи зэфIэкIыну Iуэхукъым ар (ди деж зы кьидмыныр кьыщитчмни, ди гуръэгъу щIыпIэхэм жьым кьытхурихынущ), атIэ Кавказ Ищхьэрэм федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ адрей хэкуэмэ щыпсэуэхэри зэгурыIуауэ и ужь ихьэн хуейуэ аращ. ЗэрыгурыIуэгъэщи, ар икIи зы илъэсым зэфIэкIыну лэжьыгъэкъым.

Кьэралпсо щэбэт щIыхьэху щIэнщIи Iуэхущхэкъэ ар?! Апхуэдэу зэкъуэту а удзыжьыр гъэкIуэдыным дыхуемыжьэмэ, кIуэ пэтми цIыху нэхьыбэ аллергие узыфэм иубыдурэ зэрыгурыIуэнур гурыIуэгъуэ ди гугъэщ. Псоми ди сэбэн зыхэпI апхуэдэ щIыхьэхум и жэрдэмщIакIуэ хъуфынут щIыналъэм щыIэ санэпидемстанцэм, узынщагъэр зыхуэмэнымкIэ Iуэхущ Iапl эхэм